



Rejis sosyal pou kay – Registro social de hogares

Li eksplike fonksyonman “Registro Social de Hogares” (Rejis Sosyal Pou Kay) e kòman ou ka postile pou benefis sosyal yo.

◦ Kisa “Registro Social de Hogares” la ye?

Se yon enstriman ki fè klasifikasyon sosyo ekonomik pou popilasyon nasyonal la nan sistèm Leta ak pwoteksyon sosyal.

“Registro Social de Hogares” fèt ak yon kesyonè nasyonal ke gouvènman an itilize pou detèmine kiyès ki kapab jwenn benefis sosyal yo, tankou sibvansyon, bonis, pansyon, atansyon medikal ak lòt bagay toujou.

◦ Eske etranje ka benefisyè “Registro Social de Hogares”?

Wi, sèlman fòk li gen RUN ak kat idantite chilyen ki pa ekspire, sila yo ki pa gen kanè idantite a kapab deklare nan yon fòmilè lòt moun ki nan kay la men yo pa fè pati rejis la.

◦ Kisa yo evalye nan “Registro Social de Hogares”?

Li evalye vilnerabilite nan fanmi an, li anrejistre adrès kay la, konpozisyon gwoup fanmi an, done sou salè efektif la e lòt tankou sante ak edikasyon.

“Registro Social de Hogares” la kapab konsidere done moun ki mande pou entegre li nan sistèm nan.

Baz done rejis la konsidere tout enfòmasyon enpòtan sou karakteristik kay la, tankou konbyen kay la koute, pèyman edikasyon, konbyen kòb machin, konbyen kay la koute ak kotizasyon sante.

Yo pa bay moun yo pousantaj, men yo jwenn kay yo an tèm sosyo ekonomik, karakteristik moun ki nan kay la ak lajan y ap touche.

◦ Kisa k ap pase si yon moun bay fo enfòmasyon?

Moun ki bay fo enfòmasyon an pandan seyans kesyon an ap peye yon amann anviwon 20 UTM.

◦ Ki òganism ki responsab rejis la?

Se “Subsecretaria de Evaluación Social” ki depann de “Ministerio de Desarrollo Social”.

◦ Kiyès ki kapab reponn kesyonè a ?

Nenpòt moun ki gen plis ke 18 lane.

Enfòmasyon ki nan dokiman sa a se yon materyèl referans pou fè w konprann lwa yo. Men se pa lalwa, ni agiman jiridik legal ke yon avoka kapab itilize.